**A Idi riri kupokanwa:**

- ❖ **Nguva dzekutambudzwa.**
  - — Nguva yekutambudzwa inoziviswa nenzira nhatu dzakasiyana: “ŋguʋa imŋe nedzimŋe ŋguʋa, nehafu yeŋguʋa” (Dan. 7:25; 12:7; Zva. 12:14); Mazuva1,260 (Zva. 11:3; 12:6); Mwedzi 42 months (Zva. 11:2; 13:5). Matauriro ese anoratidza nguva imwe chete: mazuva 1,260.
  - — Pasi pemutemo we“zuʋa rimŋe nerimŋe rifananidze gore” (Ez. 4:6; Num. 14:34), iyi nhambo yechitambudzo inotora makore 1 260 enhoroondo: kubva muna 538 kusvika 1798.
  - — Sezvakaporofitwa, Mwari akagadzirira nzvimbo yekubatsira sangano rakatendeka: renje, kureva nzvimbo dzinogarwa vashoma (Zva. 12:6, 14).
  - — Munguva dzakaoma nechitambudzo, vatendi vakatendeka vakamira vakasimba mukudzivirira zvokwadi, vachipotera murudo nokutarisira kwaMwari(Mapis. 46:1-3).
- ❖ **Kutendeka pakutambudzwa.**
  - — Payakangowana simba rezvamatongerwe enyika, Chechi yeRoma yakatanga kushandisa simba rayo kurayira kuti munhu ari wose aite maererano nemirayiro yayo yechitendero, mizhinji yayo yakanga yatsveyamiswa.
  - — Kuti adzivise vanhu vazhinji kupandukira simba rake, akatora kwavari chinhu chinokosha zvikurusa: Shoko raMwari.
  - — Vakatendeka vakamuka avo, vachitungamirirwa nedzidziso dzeBhaibheri uye vachitevera zano raJudhasi, vakarwa zvakasimba kuti vadzivirire kutenda kwavo(Judasi 1:3).

**B Kudzivirirwa kwechokwadi:**

- ❖ **Kugoverana Bhaibheri: Mawaridhenzi.**
  - — Peter Waldo (1140-1218), muzvinabhizimisi akapfuma wokuFrance akasiya pfuma yake kuti aparidze Kristu, akatanga sangano re“Varombo veLyon,” rinozivikanwa se“vaWaldenses.”
  - — Chii chaizivikanwa nevaWaldenses?
    - (1) Vakanga vari vokutanga kuita kuti Bhaibheri riwanike mumutauro wavo (kusvikira panguva iyoyo, raingowanika muchiLatin, chiGiriki kana kuti chiHebhuru).
    - (2) Sezvo rakanga riri bhuku rinorambidzwa, vakarikopa mumapako, vachihwanda kubva kuvatendi vekereke ye Roman Catholic vakavakomba.
    - (3) Nguva dzose vaitakura zvikamu zveBhaibheri izvo, panguva yakafanira, vaigoverana navamwe, zvichivapa tariro nekurudziro munaShe.
    - (4) Vakachengeta chokwadi cheBhaibheri chavaiziva kwemazana emakore. Vaizivikanwa nekuvimbika kwavo uye kuzvipira.
    - (5) Misha yose yakashandurwa kumaodzanyemba kweFrance uye kuchamhembe kweItari, Piedmont.
    - (6) Mizhinji yemisha iyi yakaparadzwa nePapa, uye vagari vayo vakaurayiwa.
- ❖ **Nyeredzi yevandudzo: John Wycliffe .**
  - — John Wycliffe (1324-1384) akapa nguva yakawanda youpenyu hwake kuti ashandure Bhaibheri muChirungu. Chii chakaita kuti aite izvi? Zvikonzero zviviri: Kristu akanga amushandura kuburikidza neShoko; uye aida kugoverana rudo rwaKristu navamwe.
  - — Chokwadi, izvi zvakaita kuti apesane neChechi yepamutemo. Nemhaka yohukama hwake nevakuru vakuru muEngland, John akanzvenga rufu pamaoko eChechi.
  - — Muna 1428 zvisaririra zvomuvandudzi zvakapiswa, uye madota ake akakandirwa murwizi. Madota ake akapararira akava mucherechedzo wenhaka yake.
  - — Chiedza chiduku chechokwadi chakabatidzwa naJohn Wycliffe chakasvika kuBohemia, uko John Hus akatora nhaka yake. Neiyi nzira, zvokwadi yakapinda munzira yayo kutozosvikira pamavambo evandudzo. Zuva rakanga rotanga kupenya.

❖ **Kusimbiswa nokutenda: John Hasi nevamwe.**

- Pashure paJohn Wycliffe, vamwe vashanduki vakamuka:
  - (1) John Huss (1370-1415)
  - (2) Jerome (1360-1416)
  - (3) Tyndale (1494-1536)
  - (4) Hugh Latimer (1490-1555)
- Chii chakavapa ushingi hwokuita vandudzo dzavo ndokutarisana nezvinetso norufu?
  - (1) Vaitenda muzvipikirwa zvaKristu
  - (2) Simba raKristu rakanga rakakwana kuti vakunde miedzo
  - (3) Vakawana mufaro mukubatanidzwa mukutambura kwaKristu
  - (4) Kuvimbika kwake kwaiva uchapupu hune simba kunyika
  - (5) Vakatarisa mberi kwenguva yazvino, kunguva yemberi ine mbiri
  - (6) Vaiziva kuti rufu muvengi akakundwa
  - (7) Vakabatirira pazvipikirwa zveShoko raMwari
- John Hus akaiswa mujeri uye pakupedzisira akapisirwa padanda. Ari mujeri akanyora kuti: "Mwari akandinzwira ngoni sei, uye akanditsigira nenzira inoshamisa sei."
- Sezvo zvipikirwa zvaMwari zvakatsigira vanhu vake munguva yakapfuura, zvinotitsigira nhasi.